



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 9 janvye 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON RICHARD KAUFFMAN KÒM DIRIJAN POLITIK ENÈJI AK FINANS NAN NIVO KABINÈ A

Kreye Sou-Kabinè Enèji pou Konsantre sou Devlopman Politik Enèji ak Devlope Ekonomi Enèji Pwòp

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nominasyon Richard L. Kauffman pou vin alatèt efò pou politik enèji ak finans enèji. Mesye Kauffman ap antre nan Kabinè Gouvènè a kòm Prezidan yon Sou-Kabinè ki fèk fòm pou Politik Enèji ak Finans.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Jodi a mwen mete anplas yon pwogram envestisman dinamik nan enfrastrikti enèji, enèji solè ak yon rezo veyikil elektrik. Eksperyans avanse Richard Kauffman nan sektè prive ak sektè piblik nan zafè enèji ak finans pral amelyore kowòdinasyon politik enèji eta a pou fè New York vin premye eta nan peyi a nan ekonomi enèji pwòp.”

Pami priyorite prensipal li yo kòm Prezidan Sou-Kabinè Enèji a, li ap gen pou fè eta a vin premye “bank ekolojik” nan New York State Energy Research and Development Authority. Bank lan ap ofri prè ak sibvansyon pou sipòte deplwaman enèji pwòp, kowòdone ak jwenn depans pou enèji pwòp eta a epi pou elimine baryè mache finansye ki anpeche yo jwenn kapital prive nan pwojè enèji pwòp yo.

Mesye Kauffman te travay nan enèji ak finans nan nivo siperyè nan sektè piblik la ak sektè prive a. Yon konseye prensipal pou Sekretè Enèji Etazini, Mesye Kauffman se youn nan espè prensipal peyi a nan envestisman sektè prive a nan enèji pwòp.

Anvan Depatman Enèji Etazini, Mesye Kauffman te Direktè Jeneral Good Energies, Inc., yon investisè prensipal nan enèji renouvlab ak teknoloji efikasite nan enèji. Li te yon patnè Goldman Sachs tou kote li te alatèt Global Financing Group. Anvan li te antre nan Goldman Sachs, li te travay kòm vis-prezidan Biznis Tit Enstitisyonèl Morgan Stanley, epi li te ko-prezidan Depatman Bankè li.

Mesye Kauffman te travay tou nan plizyè komisyon, tankou Brookings Institution ak Wildlife Conservation Society. Li te resevwa yon lisans nan Stanford University, yon metriz nan relasyon

Haitian Creole

entènasyonan nan Yale University ak yon metriz nan jesyon piblik ak prive nan Yale School of Management.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418